Тест 1
**Х1окху хандешнаша хьалха яхана хан гойту:**

1) вицвелла, ладег1на, хьагъелла;
2) дагаихнера, баьхнера, хьагъеллера;
3) дийци, ладуьйг1и, вицви;
4) ладуг1ура, дуьйцура, хьаглора.

Тест 2
**Х1ара предложени т1едожоран ю:**

1) Шийла яра тахана арахь.
2) Ма сиха д1адели-кх х1ара де!
3) Ц1ахь бан белла болх кхочушбе.
4) Хьо вог1ий соьца?

Тест 3
**Х1окху предложенера сказуеми хандешан х1оттаман ю:**

1) Г1иллакхий, оьздангаллий йиший, ваший ду.
2) Суна школехь деша лаьа.
3) Дешар -серло, цадешар - бода.
4) К1антана еза шен нана.

Тест 4
**Х1окху предложенехь ц1еран х1оттаман сказуеми ю:**

а) Юург – дег1ан кхача, наб – син кхача;
б) Арахь дог1а дог1у;
в) Тахана арахь хаза дара.

Тест 5
**Юьхьза** предложени олу:

1) Шена чохь подлежащи а доцуш, юкъарчу маь1ница иза дало тарлучу предложених;
2) Подлежащи бен, кхин коьрта меже йоцчу предложених;
3) Шена чохь подлежащи а, сказуеми а долчу предложених;
4) Шена чохь подлежащи доцуш а, хила оьшуш а йоцчу предложених.

Тест 6
**Кху предложенера къастамаш цхьанатайпанара бац:**

1) Уьш дара керла, ховха, хаза зезагаш.
2) К1анта деара ц1ен, можа 1ежаш.
3) Г1опана гонаха яра лекха аннийн керт.
4) Керт мел ю д1асакхийсина яра аннийн, аьчган, ангалин гергаш.

Тест 7
**Воккха дадас меллаша корта те1абора, амма цхьа дош ца элира. -** предложени ю:

1) цхьалхе, цхьанатайпанарчу меженашца;
2) чолхе-карара;
3) хуттургаш йоцу чолхе;
4) чолхе-цхьанакхетта.

Тест 8
**Циггахь хиира Зараана бакъдерг. -** предложенера **бакъдерг**:

1) подлежащи ю;
2) лач кхачам бу;
3) сказуеми ю;
4) нийса кхачам бу

Тест 9
**Нехан шуьнехь къонах а верстар вац, нехан хьаьвди т1ехь дин а берстар бац.** – предложени ю:

1) чолхе- карара;
2) хуттургаш йоцу чолхе;
3) чолхе-цхьанакхетта;
4) цхьалхе,цхьанатайпанарчу меженашца.

Тест 10
**Чолхе-карара предложени олу:**

1) цхьабосса бакъо йолуш цхьанакхеттачу цхьалхечу предложених льаттачух;
2) кхетаран меженаш шена шена чохь йолчу предложених;
3) цхьанатайпанара я шакъаьстина меженаш шена чохь йолчу предложених;

4) коьртачу а, т1етухучу а предложенех лаьттачух.

Тест 11

**Хоийла хьуна (1) мел хала бакъо а(2) нагахь (3) кхоччуш (4) дика хьо цунах кхеташ хуьлий (5) хьайга нийса а (6) кхетош а (7) йийцалур юй.** – предложенехь ц1оьмалгаш яхкаран нийса вариант къастае:

1) 2, 3,5,6.
2) 1,3, 5,6,7.
3) 1,2,3,4,5,6.
4) 1,2,5,6.

Тест 12

**Тешам ? иза къонахчун коьрта амал ю.**
**Мотт ? иза массо х1уманан а бух бу. – предложенешкахь:**

1) ц1оьмалгаш яхка еза;
2) х1уммаъ йилла ца еза;
3) тиреш яхка еза;
4) шиттадам билла беза.

Тест 13

**Х1окху предложенера подлежащи маь1нин ду:**

1) Т1екхечира шийла 1а.
2) Дитташ къаьстинера шайн духарх.
3) Олхазарша ца лоькхура зевне эшарш.
4) Бераш а дара салазаш кечъеш.

Тест 14

**И ледарло шегара кхин йолуьйтур яц аьлла, суна дош делира Асхьаба**. – предложенера **аьлла** боху дош:

1) карара кхеторан хуттург ю;
2) хуттурган дош ду;
3) цхьаьнакхетаран хуттург ю;
4) карара бахьанин хуттург ю.

Тест 15

**Х1ун хилла висна техьа бохуш, аса ч1ог1а сагатдира хьуна.** – предложенера т1етуху предложени:

1) къастаман ю;
2) 1алашонан ю;

3) кхачаман  ю;
4) даран  суьртан  ю.

Тест  16
**Х1ара  дешнаш  антонимаш  дац:**

1) Абаде – азалла;
2) Т1аплам – атаг1и;
3) Сема – сакх;
4) Жам1 – хьесап.

Тест  17
**Х1ара  ц1ерметдешнаш  дефисца  ца  яздо:**

1) цхьа?волу, кхи?волу, наггахь?волу;
2) со?со, и?ша, шу?шаьш;
3) муьлх?муьлха, мил?милла, хьаъ?хьаъа а;
4) тхо?тхьаьш,  шун?шайниг, цуьнан?шен.

Тест  18
**Х1ара  хандешнаш  нийса  йоцчу  спряженехь  ду:**

1) хьовсу, доьшу, хуьлу;
2) хеза, лаьтта,  хьийза;
3) олуьйту, вигийта, дуьйцуьйту;
4) тоь, лоь, мацло, шелло.

Тест  19
**Дош  карладоккхуш  кхолладелла  чолхе  куцдешнаш:**

1) дефисца  яздо;
2) къаьстина  яздо;
3) цхьаьна  яздо.

Тест  20
**Х1ара  терахьдешнаш  нийса  яздина  дац:**

1) Йолхуьйтталг1а, вуьрх1ийтталг1а, берх1ийтталг1а;
2) Цхьайтталг1а, кхойтталг1а, шуьйтталг1а;
3) Йолхуьтталг1а, вуьрх1итталг1а, берх1итталг1а;
4) Борх1алг1а, уьссалг1а, ткъайоьсналг1а.

Тест 21
**Дешт1аьхье:**

1) къамелан дакъа ду;
2) дешан дакъа ду;
3) предложенин меже ю;

Тест 22
**Цхьаьнакхетаран хуттургаш хуьлу:**

1) бахьанин, бехкаман, дустаран, кхеторан;
2) кхачаман, къастаман, латтамийн;
3) дозаран, дуьхьалара, къасторан, довзийтаран;
4) меттиган, хенан, даран суьртан.

Тест 23
**Х1окху предложенехь бакъду боху дош къаьстина яздо:**

1) Арахь кхоьлина яра, бакъ(ду) шийла яцара.
2) 1усмана бохург бакъ(ду).
3) Нанас дукха дийхира, бакъ(ду) к1ант саца туьгуш вацара.

Тест 24
**Караде г1алат:**

1) ца там, ца лаар, ца луург;
2) ца хууш, ца вог1уш, ца дуьйцуш;
3) ца лоху, ца гойту, ца мега;
4) ца хезна (илли), ца дуьйцу (хабар), ца хетта дерг.

Тест 25
**Латтаман дурс** ду х1окху предложенехь:

1) Селхана, уьссалг1ачу ноябрехь, г1урбанан хьалхара де дара.
2) Карина, ненан цхьаъ бен йоцу йо, ч1ог1а качйина яра.
3) Кхин охьа а ца лахлуш, къамеле елира зуда.
4) Цуьнан да, 1илманча, дика вевзаш вара Нохчийчохь.

Тест 26
**Кху предложенехь ц1оьмалгаш яхкаран нийса вариант къастае:**

**Нохчийн г1араваьллачу (1) говзачу поэтан Ахьмад Сулеймановн произведенеш (2) к1орггерчу хьекъалца а(3) лаккхарчу говзаллица а(4) йоккхачу исбаьхьаллица а(5) язйина йолу (6) 1аламат (7) хаза а(8) дика а(9) ю.**

1) 1,3,4,5,8
2) 1,3,4,6,7,8
3) 2,3,4,6,8
4) 2,3,4,5,6,8,9

Тест 27
**Доцца аьлча, тов, дуй хьуна, сан ирсана, цхьадика, ала дашна, мадарра аьлча, кхетий хьо, бах, гур хьуна** бохучу юкъадалочу дешнийн маь1на ду:

1) рог1алла я уьйр-юкъаметтиг гойтуш;
2) тайп-тайпанчу кепара дог тешна хилар гойтуш;
3) тайп-тайпана хаамаш, синхаамаш гойтуш;
4) хаам хьаьнгара хуьлу гойтуш.

Тест 28
**Х1ара предложени чолхе-карара ю:**

1) И д1абоьду некъ стенга боьдуш бу, дийцахьа суна.
2) Х1инца, суна хаьа, мало ян мегар дац.
3) Кхин охьа а ца лахлуш, къамеле елира зуда.
4) Малх хьаьжнера, делахь а йовхо к1еззиг яра.

Тест 29
**<u>Массо а машарца ваха веза бохуш</u>, закон ду-кх вайн мехкан**.- предложенера т1етуху предложени ю:

1) бахьанин;
2) бехкаман;
3) къастаман;
4) кхачаман.

Тест 30
**Х1ара предложени билгала –юьхьан ю:**

1) Ахь дийца соьга бакъдерг.
2) Вочу дашах мотт ларбе, къоланах куьг ларде.
3) Дийцахьа соьга бакъдерг.
4) Арахь 1аьржа яра.

**Тест 31.**
**Исбаьхьаллин произведенехь г1уллакхан кхиарехь уггаре а г1оьртина еанчу халачу киртигах олу:**

1. Экспозици;
2. Дерзор;
3. Сюжет;
4. Кульминаци.

Тест **32.**
**Произведенехь яздархочо гойтучу коьртачу ойланах я цунна ала луучух олу:**
1. Эпиграф;
2. Метафора;
3. Тема;
4. Идея.

**Тест 33.**
**«Замано <u>йорт етта,</u>**
**Шерех <u>деш</u> <u>къурдаш</u>,**
**Г1а-бецаш соьналле**
**Ийзош ю б1аьсте» (Эдилов Х-М) х1окху мог1анашкара билгалдаьхна дешнаш:**

1. Эпитеташ ю;
2. Метафораш ю;
3. Дустарш ду;
4. Т1едерзарш ду.

Тест **34.**
**Дошамаш х1иттор 1амочу лексикологин декъах олу:**
1. Этимологи;
2. Лексикографи;
3. Семасиологи;
4. Диалектологи.

**Тест 35.**
**Оьрсийн маттера я оьрсийн маттехула вайн матте т1еэцна дешнаш лела :**

1. 3 –чу классехь;
2. 5 –чу классехь;
3. 2- чу классехь;
4. 4-чу классехь.

**Тест 36.**
**Куцдешан предложенехь … уьйр хуьлу:**

1. Ц1ердашца;
2. Хандашца;
3. Билгалдашца;
4. Терахьдашца.

**Тест 37.**
**Адамна санна, садоцчу х1уманна т1едерзош дош аларан исбаьхьаллин кепах х1ун олу?**

1) дустар;
2) метафора;
3) олицетворени;
4) композици.

**Тест 38.**
**«Даймехкан декхаро г1аттийна вог1у со»…**
**Хьенан ду х1ара дешнаш?**
1) Айдамиров А.;
2) Арсанукаев Ш.;
3) Мамакаев М.;
4) Дикаев М.

**Тест 39.**
**Мила ву «Стела1ад» журналан коьрта редактор?**
1) Ахмадов М.;
2) Бексултанов М.;
3) Минкаилов Э.;
4) Исмаилов А.

**Тест 40.**
**Саидов Билалан «Йиша-т1емало» поэма хьанна лерина ю?**

1) Ахматова Р.;
2) Арсанова П.;

3) Курумова С.;
4) Анзорова Б.

**Тест 41.**
**Х1ума поэтически а, исбаьхьаллин а билгалонашца гойтучу суртх1отточу г1ирсах олу?**
1) пейзаж;
2) аллегори;
3) эпитет;
4) олицетворени.

**Тест 42.**
**Мила кху мог1анийн автор:**
«Беттаса кхеттачу
Буьйсанца берашлахь
Туьйранаш дуьйцур ас
Кет1арчу т1улга т1ехь,
Кханенга сатуьйсуш,
Седарчийн сийналлехь
Ойла еш 1уьллур со
Бешарчу чардакх т1ехь…»

1) Мамакаев М.;
2) Саидов Б.;
3) Мамакаев 1.;
4) Гадаев М-С.

**Тест 43.**
**Т1етовжаран уьйр ю х1окху дешнашна юкъахь:**

1) къоламца яздо;
2) хаза мехкарий;
3) сиха воду;
4) тийна суьйре.

**Тест 44.**
**Дийцархьама, шелонна, сагатдаларна, вахархьама - боху латтамаш:**
1) даран суьртан бу;
2) бахьанин бу;
3) меттиган бу;
4) 1алашонан бу.

**Тест 45.**
**Схьакараде масдарш:**

1) тукар, кочар;
2) хьажар, велар;
3) комар; 1ахар;
4) худар, говр.

**Тест 46.**
**Муьлхачу къамелан дакъойн билгалонаш ю деепричастин:**

1) ц1ердешан, билгалдешан;
2) хандешан, билгалдешан;
3) хандешан, куцдешан;
4) терахьдешан, хандешан.

**Тест 47.**
**Х1ара цхьанах1оттаман предложени ю:**

1) Маликас кехат яздо.
2) Т1екхечи ас сатийсина б1аьсте.
3) Арахь йовха ю.
4) Схьакхеттачу маьлхан з1аьнарша дохдина латта.

**Тест 48.**
**Ц1е билгалъяккха дуьххьара нохчийн маттахь арадаьллачу газетан:**

1) «Ленинан некъ»;
2) «Серло»;
3) «Даймохк»;
4) «Сердало».

**Тест 49.**
**Муьлхачу поэми т1ехь ду эпиграфана далина х1ара кица?**
**«Герзан чов йирзина, меттан чов ца йирзина».**

1) «Ц1ий хуьйдина лаьмнаш»;
2) «Сийлаха»;
3) «Дагалецамийн новкъа»;
4) «Нохчийн лаьмнашкахь».

**Тест 50.**
**«Нохчийн лаьмнашкахь» ц1е йолчу поэми т1ера х1окху мог1анаша хьенан дог-ойла гойту?**

«Ма г1ерта, ма г1ертахьа
Цунна герга,витахьа,

Къона пекъар ву иза,
Къуоналлех ирс эцаза,
Шен парг1ато йовзаза.

1) Аслаг1ий
2) Шах1идий
3) Ч1ирхочун
4) Авторан

**Тест 51.**
**Муьлхачу илли т1ера ду х1ара дешнаш?**

-Хьо вийхира ва соьга цу юьртан тхьамданаша,
Ас вехча велира хьо цу юьртан тхьамданашна
Дег1аха мерза са цара хьайга ва дехахь,
Ахь даккхий д1алолахь дег1аха мерза са.

1) Аьккхийн Жанхотан илли
2) Теркаца хьала-охьа вехаш хиллачу эла Мусостан,Адин Сурхон илли.
3) Эвтархойн Ахьмадан илли
4) Элла Къахьармин илли.

**Тест 52.**
**«Нохчийчоь-сан маьрша ага» -мила ву кху стихотворенин автор?**
1) Ахматова Р.
2) Исаева М
3) Анзорова Б.
4) Айдамирова М.

**Тест 53.**

**Х1окху методан коьрта мехалла ю х1ума 1амош дешархошка кхоллараллица болх байтар а, шаьш муьллха а литературни коьчал 1амош эвсараллица хир болу некъ царна гайтар а:**

1. Кхоллараллин;
2. Лехамийн;
3. Талламийн;
4. Дуьйцуш гайтаран.

**Тест 54.**

**Исбаьхьаллин произведенеш ешаро а, талларо а уггар хьалха доккха г1уллакх до дешархойн:**

1. Къамел кхиорехь;

2. Йоза нисдарехь;
3. Нийса ешарехь;
4. 1амийнарг т1еч1аг1дарехь.

**Тест 55.**

**Исбаьхьаллин произведенешкахь коьртаниг:**

1. Сюжет ю;
2. Эпитет ю;
3. Адамийн васташ ду;
4. Авторан говзалла ю.

**Тест 56.**
**Номинативни конструкци х1окху предложенехь ю:**

1) Б1аьстенан малхехь ч1ег1ардигаш санна, ловзура безаман йовхонехь дахаран денош.
2) Оцу хьолехь ша мосазза хуьлу, Алхаза кхин а саьхьарвуьйлуш Далла г1уллакх дора.
3) Маьлхан з1аьнарша къегадора лаьмнийн баххьаш.
4) Хьасана сурт диллира.

**Тест 57.**
**Кхечу маттахь ма-кхоллара, т1еэцна дош кхолларх олу:**
1. терминалоги;
2. семасиологи;
3. проффесионализм;
4. калька.

**Тест 58.**
**Дешаран шеран чаккхенгахь 5 классан дешархойн диктантан дешнийн барам бу:**

1. 100 -120 дош;
2. 120 – 135 дош;
3. 80 – 90 дош;
4. 90 – 105 дош.

**Тест 59.**
**Урок олу:**

1. Маь1ница чаккхе а йолуш, дийнна, билгала доза а долуш дешаран-кхиоран процессан декъах;

2. Хьехархочо, дешархочуьнга жигара, кхоллараллица болх байтарх;
3. Дешархошца бечу муьлххачу а балхах;
4. Дешархойн мукъа хан ца хилийта д1ахьочу балхах.

**Тест 60.**
**Нохчийн х1инцалера алфавит х1оттийна ю:**

1. Кириллицин буха т1ехь;
2. Латиницин буха т1ехь;
3. 1аьрбийн алфавита буха т1ехь;
4. Гуьржийн алфавита буха т1ехь

**Тест 61.**
1925 шарахь латинизированный алфавит х1оттийна:
1. М.Сальмурзаевс;
2. Х.Ошаевс;
3. М.Мамакаевс;
4. Т.Эльдархановс

**Тест 62.**
**Х1инца вайн йолу алфавит т1еэцна:**
1. 1908 шарахь;
2. 1918 шарахь;
3. 1938 шарахь;
4. 1927 шарахь

**Тест 63.**
**Сугаипов Шахьаба х1оттийна алфавит яра:**

1. 1аьрбийн алфавита буха т1ехь;
2. Оьрсийн алфавита буха т1ехь;
3. Гуьржийн алфавита буха т1ехь;
4. Латиницин буха т1ехь

**Тест 64.**

**Дас ч1ог1а хьекъале дош элира? цуьнан к1ант к1оргггерчу ойланашка велира – предложенехь:**

1. ц1оьмалг йилла еза;
2. тире йилла еза;
3. ц1оьмалгаца т1адам била беза;
4. х1уммаъ йилла ца еза.

**Тест 65.**

**Малх гуш бацара? ерриге стигал д1алаьцнера шерра д1асаяьржинчу мархаша-предложенехь:**

1. тире йилла еза;
2. ц1оьмалг йилла еза;
3. шит1адам била беза;
4. ц1оьмалгаца т1адам била беза.

**Тест 66.**
**Хехочо чуьйнан экъа екийра? ж1алеш летира - предложенехь:**

1. ц1оьмалг йилла еза;
2. шит1адам била беза;
3. тире йилла еза;
4. ц1оьмалгаца т1адам била беза.

**Тест 67.**

**М. Гадаев, нохчийн башха поэт, дуккха а поэтически а, прозаически а произведенийн автор ву - предложенера «нохчийн башха поэт» боху дешнаш:**

1. шакъаьстина юххедиллар ду;
2. латтаман дурс ду;
3. юкъадало дешнаш ду;
4. т1едерзар ду;

**Тест 68.**
**Жерахьо дуьйлийша школе.- боху предложении ю:**
1. юьхьан;
2. билгалза-юьхьан;
3. юьхьза;
4. билгала-юьхьан

**Тест 69.**
**Ала ца магийначу дашах табу олу, цуьнан меттан ала магийначу дашах олу:**

1. диалектизм;
2. жаргонизм;
3. эвфемизм;
4. омофон.

**Тест 70.**
**Инфинитиван хаттарш х1орш ду:**

1) х1ун до? х1ун хуьлу?
2) х1ун дина? х1ун хилла?
3) х1ун дан? х1ун хила?
4) х1ун дийр ду? х1ун хир ду?

**Тест 71.**
**Шайн лелар билгалчу меттехь бен доцчу дешнех олу:**

1. неологизмаш;
2. диалектизмаш;
3. терминаш;
4. архаизмаш.

**Тест 72.**
**М.Мамакаевн муьлхачу стихотворени т1ера ду х1ара дешнаш :**

« Хьан бах хьо , сан Даймохк, яханчу хенахь
Йоза а хьайн доцуш , б1арзбелла баьхна?
Къийсамо аьгначу хьан т1улган белшехь
Гуш ду-кх яздина сан дайшка кхаьчнарг….»

1) «Зама»;
2) « Ма дохко ваьлла со»;
3) « Т1улгаша а дуьйцу»;
4) «Даймахке».

**Тест 73.**
**Вайн хиша, шовданаша, ярташа, ирзуша, гунаша, лаьмнаша, 1аннаша, даккъаша, боьраша х1ун боху хьоьжуш, уьш толлуш, Даймахка паспорт деш ву ша, бохуш, топоними язйинарг мила ву?**

1) М.А. Мамакаев
2) А.С. Сулейманов
3) А.А. Айдамиров
4) Х.Д. Ошаев

**Тест 74.**
**1-Хь.Хамидовн «Лийрбоцурш» ц1е йолчу пьеси т1ехь вуьйцу турпалхо билгалваккха.**

1) А.Шерипов;
2) Х.Нурадилов;
3) М.Мазаев;
4) М.Висаитов.

**Тест 75.**
**Лирически произведенеша х1ун гойту?**

1) адаман ойланехь дерг;
2) дахарехь хилларг;
3) зеделларг;
4) хиндерг.

**Тест 76.**
**Дуьххьара стихашкахь язйина роман муьлхарниг ю, цуьнан автор билгалваккха.**

1) Нажаев 1. «Жа1у».
2) Мамакаев М. «Т1улгаша а ца диццо».
3) Арсанукаев Ш. «Кхолламан сизаш».
4) Мамакаев 1. «Нохчийн лаьмнашкахь».

**Тест 77.**
**Муьлхачу произведени т1ехь гойтуш ву, халкъ ца доха,юха дендала,когах1отта оьшу собар,хьекъал,машар хьоьхуш веана Кунта-Хьаьжа?**

1) «Еха буьйсанаш».
2) «Лаьмнаша ца диццо».
3) «Сатийсаман ницкъ».
4) «Кхолламан сизаш».

**Тест 78.**
**Сулейманов А. «Шуьнехь дош» стихотворени хьанна лерина язйина ю?**

1) Мамакаев М.
2)Дагаев В.
3) Ошаев Х.
4) Магомадов С.

**Тест 79.**
**«Ма дохковаьлла со!» Мила ву кху стихотворенин автор?**

1) Арсанукаев Ш
2) Бисултанов А.
3) Сулейманов А.
4) Абдулаев Л.

**Тест 80.**
**Яздархо, поэт,1илманча ваьхна 1909-1972 шерашкахь. Дуьнен т1ехь ваха доьг1на хиллачу 63 шарахь 30 шо гергга набахтешкахь текхна цо. Мила ву и, билгалваккха.**

1) Ошаев Х.Д.
2) Арсанов С-Б.А.
3) Мусаев М.М.
4) Гадаев М-С.

**Тест 81.**

**Стенах лаьцна дуьйцу Яшуркаев Султана «Маьрк1аж-бодан т1ехь к1айн хьоькх» повестехь.**

1) махках дахарх;
2) хьошалг1а вахарх ;
3) балха вахарх;
4) дозанал дехьа валарх.

**Тест 82.**
**Со г1ала деша яхара. Х1окху предложенехь** – *деша* – **боху дош:**

1) къастам бу;
2) латтам бу;
3) х1оттаман сказуемин дакъа ду;
4) кхачам бу.

**Тест 83.**
**Муьлха сказуеми ца хуьлу:**

1) ц1еран х1оттаман;
2) цхьалхе;
3) х1оттамза;
4) хандешан х1оттаман.

**Тест 84.**
**Х1ара предложени кхечуьнга йолу:**

1) Чхерийн лаба хьалха а оьзна, т1ехарца кечбелча санна, лаьтта и буьрса лам.
2) Шена к1орггера хаарна, Хадижата экзамен пхеанна д1аелира.
3) Жимма оьг1азе йистхилира Сепият.
4) Йоьлучу йо1е хьаьжира Муса.

**Тест 85.**
**Нохчийн меттан грамматически категореш х1орш ю:**

1) омонимаш, синонимаш, антонимаш и.д1.кх.
2) палатализаци, лабиализаци, ассимиляци и.д1.кх.
3) дешхьалхе, орам, лард и.д1. кх.
4) дожарш, грамматически классаш, хандешан хенаш и.д1.кх.

**Тест 86.**
**Х1ара ц1ердешнаш цхьаллин терахьехь бен ца лела:**

1) йовхарш, аьшпаш, йоькаш;
2) стаг, йо1, йис;
3) Салман, 1ийса, Асет;
4) хьонка, х1аваъ, тов.

**Тест 87.**
**Нохчийн маттахь къамелан дакъа:**

1) 6 ду;
2) 3 ду;
3) 4 ду;
4) 10 ду.

**Тест 88.**
**Маца? Мацале? Маццалц? Маца дуьйна – х1ара хаттарш:**

1) меттиган латтаман ду;
2) даран суьртан латтаман ду;
3) хенан латтаман ду;
4) бахьанин латтаман ду.

**Тест 89.**
**Коьртачу дашо дозуш долу дош шена оьшучу дожаре х1оттош йолу уьйр:**

1) бартбаран ю;
2) урхаллин ю;
3) т1етовжаран ю;

**Тест 90.**
**Синтаксисо 1амадо:**

1) элпаш, аьзнаш
2) дешнаш, дешнийн кхолладалар
3) дешнийн цхьаьнакхетар, предложенеш
4) къамелан дакъош.

**Тест 91.**
**Х1ара билгалдош дустаран даржехь ду:**

1. оьзда к1ант;

2. лекха лам;
3. хаза г1иллакх;
4. дико йо1.

**Тест 92.**
**Нохчийн маттахь легар къастадо:**

1. доланиг дожаран чаккхенца;
2. коьчалниг дожаран чаккхенца;
3. дийриг дожаран чаккхенца;
4. хотталург дожаран чаккхенца.

**Тест 93.**
**Х1ун гойту рог1аллин терахьдашо?**

1. масалла;
2. рог1алла;
3. мухалла;
4. хан

**Тест 94.**
**Х1ара билгалдешнаш даржашца хийцало:**

1. мухаллин билгалдешнаш;
2. юкъаметтигаллин билгалдешнаш;
3. доладерзоран билгалдешнаш;
4. билгалдешнаш даржашца хийца ца ло.

**Тест 95.**
***Шишша, кхоккха, итт-итт* боху терахьдешнаш ду:**

1. гулдаран;
2. декъаран;
3. эцаран;
4. рог1аллин.

**Тест 96.**
**Дифтонг … озах кхоллало.**

1) 3;
2) 1;
3) 2.

**Тест 97.**

**Дацаран дакъалг ца ц1ердешнашца … яздо**.

1. даима цхьаьна;
2. къаьстина;
3. наггахь цхьаьна;
4. наггахь къаьстина.

**Тест 98.**

**Набахтера ша къайлах аратесначу кехат т1ехь цо яздинера: «Лергана хезна доцу,дагца кхиъна доцу,коьртехь сецна доцу тоьшалла дина суна,б1аьрга т1е б1аьрг а х1оттийна….»**

**Хьан яздинера и кехат?**

1) Гадаев М-С.
2) 2) Мамакаев М.
3) Дудаев 1.
4) Нажаев А.

**Тест 99.**

**Х1окху мог1анийн автор билгалваккха.**

… Хьоме мохк безалахь,
Нанна бер санна, …
Оьзда г1иллакх ларделахь,
Вайн дайша санна…

1) М.А. Мамакаев;
2) Ш.А. Арсанукаев;
3) Р.С. Ахматова;
4) 1.Ш. Мамакаев.

**Тест 100.**

**Ламанхойн шира хабарш а, иллеш а инзаре хаза, поэтически хазнаш ю». - Мила ву и дешнаш аьлларг?**

1) А.А.Фет
2) А.М.Горький
3)Л.Н.Толстой
4) М.Ю.Лермонтов